



## Lejann ak Reyalite Sou Vaksen

**Lejann 1: Bi bon liyèn ak sanitasyon pral fè maladi yo disparèt. Vaksen p ap nesesè ankò.**

**Reyalite 1:** Lave men ak dlo ki pwòp enpòtan pou anpeche anpil maladi simaye. Men, anpil enfeksyon ka toujou simaye menm si nou pwòp anpil. Vaksen enpòtan pou anpeche maladi kontajye yo. Si moun pa pran vaksen, maladi ki ra yo, tankou lawoujòl, ka tounen.

**Lejann 2: Vaksen yo gen anpil move reaksyon/efè ki dire lontan moun pa menm konnen. Vaksen ka menm touye moun.**

**Reyalite 2:** Pa gen danje nan vaksen. Anvan yo apwouve yon vaksen pou piblik la, yo teste li latètopye pandan anpil ane. Menm lè yo fin bay dwa pou sèvi ak you vaksen pou piblik la, yo kontinye ap kontwòl vaksen yo. Se Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS), ki se yon òganizasyon nasyonal pou siveyans sekirite vaksen, ki responsab pou siveye reyaksyon vaksen yo bay. VAERS ede fè garanti avantaj nou ka jwenn nan vaksen yo kontinye depase danje yo. Anpil nan move reaksyon vaksen yo bay, tankou bra anfle ak you ti lafyè, pa grav epi yo dire yon ti kras tan. Menm lè gen pwoblèm maladi grav ki ka rive, bagay sa a yo ra anpil.

**Lejann 3: DtaP vaksen pou (difteri, tetanòs ak koklich) ak vaksen polyo koze sendwòm lanmò sibat kay timoun (Sa nou rele SIDS an Anglè).**

**Reyalite 3:** Pa gen prèv vaksen sa a yo lakòz SIDS. Katrevendis pousan ka SIDS yo rive anvan yon ti bebe rive nan laj 6 mwa. To lanmò sa a yo pi wo nan laj 1 mwa a 4 mwa. Malerezman, se nan gwoup laj sa a yo prevwa pou timoun yo vaksinen kont difteri, tetanòs ak koklich ak polyo tou. Lanmò sibat (SIDS) yo rive nan menm peryòd ak vaksinasyon ki te ka rive menm si timoun nan pa t pran vaksen.

**Lejann 4: Maladi nou ka evite ak vaksen prèske elimine/disparèt nan Etazini, se pou sa pa gen rezon pou moun pran vaksen ankò.**

**Reyalite 4:** Menm si anpil maladi nou ka evite ak vaksen vin ra nan Etazini, yo pa disparèt nan lòt rès peyi nan monn la. Lawoujòl, pa egzanp, toujou komen nan de twa peyi an Ewòp, Azi, nan Pasifik, ak an Afrik. An 2014, te gen you gwo epidemi lawoujòl nan Pak Disneyland nan Kalifòni. Majorite moun ki te pran lawoujòl pat vaksinen. Vaksen yo ka pwoteje kont maladi nou pa menm konnen ki antoure nou lakay nou oubyen lè nou an vakans.

**Lejann 5: Bay yon timoun plis pase you vaksen you sèl kou ka ogmante risk pou move reyaksyon, sa ki ka fè defans iminitè timoun vin twò chaje.**

**Reyalite 5:** Pa gen prèv pran anpil vaksen you sèl kou ka deranje defans iminitè yon timoun. Timoun yo ki pran kontak chak jou ak plizyè santèn bagay etranje ki ka pwodwi yon repons nan defans iminitè. An plis, ofri anpil vaksen you sèl kou redwi valè vizit nan klinik yo. Sa ki ekonomize tan ak lajan. Vaksen mete ansanm bay mwens soufrans kay timoun yo paske, nan ka MMR ki se vaksen kont Lawoujòl, malmouton ak ribeyòl, sa vle di mwens piki.

**Lejann 6: Grip se jis you nwizans, epi vaksen an pa travay.**

**Reyalite 6:** Grip se you maladi serye. Chak ane, gen plizyè santèn moun nan Boston ki afekte ak maladi sa a. Fanm ansent, timoun piti, granmoun aje ak nenpòt moun ki soufri yon maladi dirab tankou opresyon oubyen maladi kè, moun sa a yo gen pi gwo risk pou fè enfeksyon ak lanmò. Li enpòtan pou fanm ansent yo pran vaksen pou pwoteje ti bebe yo lè yo fèk fèt paske pa gen vaksen pou ti bebe anba 6 mwa. Vaksen an pwoteje kont 3-4 varyete grip moun te panse pral soti nan ane patikilye sa a.

**Lejann 7: Vaksen yo gen mèki ki se you bagay ki danjere.**

**Reyalite 7:** Gen nan vaksen yo ki genyen Timewozal, you konpoze òganik ki gen mèki ki sèvi kòm prezèvatif. Yo sèvi avè li sitou nan ti boutèy ki gen plizyè dòz medikaman. Rechèch montre Timewozal pa poze danje epi valè ki itilize nan vaksen yo pa poze risk pou sante.

**Lejann 8: Vaksen yo bay maladi otism.**

**Reyalite 8:** Pa gen prèv pou lye vaksen ak maladi otism.

